



Paran ak Moun K ap Bay Swen,

Nou kontan pou pataje pwochen chapit nou an sou Konpetans pou Aprantisaj ak Lavi Skills for Learning and Life (SLL) ki se "Rezoud Konfli ak Repare Relasyon." "Resolving Conflicts & Repairing Relationships." Nan chapit sa a, pitit ou a pral eksploré diferan sijè SLL ak teknik ki genyen rapò avèk Aptitud nan Relasyon ak Pran Desizyon Responsab. Anba la a genyen yon tablo ak diferan tèm SLL nou pral diskite nan chapit sa a avèk kèk fason posib ou kapab ranföse tèm sa yo lakay si w vle.

Chapit 5: Rezoud Konfli ak Repare Relasyon		
Dat	Tèm ak Konpetans SLL	Kesyon Posib pou Diskisyon ak/oswa Aktivite pou Fanmi
4 mas-8 mas	Konprann Pwoblèm ak Konfli (Pran Desizyon Responsab)	<p>-Poukisa w panse li enpòtan pou w kanpe epi idantifye yon pwoblèm oswa konfli anvan w rezoud li?</p> <p>-Èske te genyen yon lè ou te bezwen rezoud yon pwoblèm avèk lòt moun? Kisa pwoblèm lan te ye? Èske ou te kapab rezoud li?</p> <p>-Lis chan nimewo 1: An fanmi, kreye yon lis chan oswa fim sinema ki genyen yon mesaj pozitif pou rezoud pwoblèm. Pran yon ti moman pou diskite sou mizik lan oswa fim nan ak enfliyans pozitif li. Ankouraje pitit ou a konsidere siyifikasyon ki dèyè chan an oswa fim nan epi petèt poukisa moun ki te kreye l la te fè li. Mizik ak fim sinema se yon fòm komunikasyon. Toude kapab amelyore imè, ouvri konvèsasyon epi ede fè koneksyon.</p> <p>* Si ou santi ou kreyatif tout bon, ekri epi chante pwòp chan pa w oswa kreye ansanm ti fim sinema pa w.</p> <p>-Konpromi nan Fanmi Konpwomi se youn nan fason yo rezoud yon konfli. Pafwa moun vle bagay ki opoze epi ni yonn ni lòt pa vle bay lòt legen- konsa yo fè konpwomi. Chak moun dakò pedi yon ti kras rezon nan sa yo vle epi jwenn yon akò. Yo kapab pa jwenn egzakteman sa yo vle, men yo jwenn yon pati ladan. Kòm yon fanmi, kreye yon Powèm ak mo konpwomi. Egzanp:</p> <p>C -onflict (K-onfli) O M P - asyans R I - S E -fikas</p>
11 mas - 15 mas	Kominike sou Pwoblèm (Pran Desizyon Responsab)	<p>-Li enpòtan pou kominike sou yon pwoblèm oswa konfli. Li ede nou pi byen konprann panse ak santiman ki dèyè li ak fason li afekte tout moun. Lè ou gen yon pwoblèm, kijan ou pale sou li ak lòt moun (yo)?</p> <p>Pwoklame Li ak Deklarasyon "Mwen": Jwe Wòl (Fè Kòm si) se yon zouti ki gen anpil enpak epi li kapab ede avèk komunikasyon. Nou kapab fè sa lè nou itilize deklarasyon "Mwen". Deklarasyon "Mwen" anpeche blame sou lòt moun. Pa egzanp, "Mwen santi mwen fristre lè mwen mande w pou netwaye apre dine epi genyen asyèt sal sou kontwa a." oswa "Mwen santi mwen tris lè m tande gwo mo (mo grosye) paske yo blese santiman mwen. Mwen renmen jwe ak moun ki itilize bél pawòl."</p> <p>Bay egzanp lè w itilize deklarasyon "Mwen" ak pitit ou a epi ankouraje l sèvi ak yo lè y ap kominike sou yon pwoblèm.</p>

		<p>Imite li pou yon Minit: Anpil nan komunikasyon nou pa vèbal. Langaj kò ak ekspresyon vizaj pale anpil sitou lè w ap kominike sou pwoblèm oswa konfli. Ansam an fanmi, eseye kominike yon santiman, yon emosyon oswa yon sitiayson san di yon mo. (Tankou jwèt charad!)</p>
26 mas -28 mas	Semèn Revizyon (Tout Konpetans)	<p>-Ki bagay ou te aprann fè ane sa a? Ki moun ou ta renmen anseye li epi poukisa?</p> <p>-Si ou ta dwe deyò pou jounen an, kisa ou t ap fè?</p> <p>-Si ou ta dwe deyò pou jounen an, kisa ou t ap fè?</p> <p>-Si w ta kapab vwayaje nenpòt kote nan mond la, ki kote w ta ale epi poukisa? Kijan ou t ap rive kote sa a?</p> <p>Dis Premye Lis : Ansam an fanmi, kreye lis dis premye bagay ou renmen fè ansanm. Dekore lis ou a epi mete l yon kote nou tout kapab wè li epi reflechi sou li. Ou ta kapab menm ankadre li pou atire atansyon!</p> <p>Fè Li Meme-ingful: Ansam ak pitit ou a, fè foto oswa desine foto plezi, evènman espesyal nan lavi ou. Ansam ak pitit ou a, kreye kèk imaj, lejand inik, komik, tit oswa mesaj ki ale ak foto yo.</p>
1 ^{re} - 5 avril	Korije Erè (Aptitud nan Relasyon)	<p>-Korije Erè se plis pasejis yon ekskiz. Li se etap pou rekonsilye ak repare yon mal ou te fè swa entansyonèlman oswa san entansyon. Li se yon pati enpòtan nan kenbe bon relasyon ak moun ki bò kote nou yo. Kisa korije erè vle di pou ou?</p> <p>-Kisa sa vle di pou aksepte yon ekskiz? (Oswa lè yon moun fè amand/rekonsilye avèk ou)</p> <p>Jwe Wòl: Apre w fin diskite sou sa sa vle di pou aksepte yon ekskiz oswa lè yon moun konfese fot li avèk ou, ansam an fanmi, diskite sou sa li sanble epi fè yon egzanp. Aktivite sa a pral ede sipòte relasyon ak konpetans nan komunikasyon, menmjan ak pran desizyon responsab.</p>